

**РÆСТÆГÆЙ АФОЙНАДÆБÆЛ КУ НÆ ИСПАЙДА КÆНАЙ, УÆД ИН УОЙ ФÆСТЕ НÆЙЙЕС БАЙЙАФÆН!..**

***Даниил ГРАНИН (1919-2017), финсæг: «Адæймагмæ тæккæ хъазардæрæй ци ес, е æй цард. Фал еци цардмæ лæмбунæгæй ку 'ркæсæн, уæдта уотæ дæр зæгъун æнгъезуй, æма тæккæ хъазардæр æй Рæстæг, уомæн æма цард арæзт æй Рæстæгæй, амад цæуй сахæттæ æма минуттæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№40 (911) 2023 анзи 21 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман




# МАБАЛ МÆ ХОНЕТÆ, ДАРГЪ НÆДТÆ, УÆ БАЛЦИТИ, МАБАЛ!..

ÆГЪУЗАРТИ Саукуййи аййевадон уадзимистæ кæсгæй, адæймаг æнæрæстæфгæ нæ фæуууодзæнæй, уой, æма си ахид кæнуй афæййи афæнтти кой. Уæлдайдæр æ цубур радзурдти.

Ахиддæр ба фæззæги кой, æвæдзи, уомæ гæсгæ кодта æма райгурдæй фæззæги – 1943 анзи 14 октябри. Æма уобæл, ка 'й зонуй, цийнæ дæр кодтайдæ – цидæр æй, уæддæр фæззæг адæймаги зæрдæ барæвдауй æ берæ бæркæдтæй. Æма Саукуй дæр æ финстити цийнæ дæр кодта фæззæгбæл, куддæр гъенцъун дæр си кодта. Æ новеллитæй еуеми («Фæззæг») уотæ финста:

*«Ду дæр мæн хузæн дæ, фæззæг. Фæллад, лæкъун, дондзæстæ.*

*Æма 'й лæдæрун: æнкъард мæбæл ду бафтудтай, æви фæссæйгæ дæ се 'рхунæй? Нæ лæдæрун: нæ дууемæй фудгин ка 'й? Нæ зонун: ду дæ фæззæг æви æз дæн фæззæг?..»*

Адæймагæн æ ирисхъæ куд рауайдзæнæй, уомæн базонæн нæййес. Æма Саукуййæн фæззæг кæд æ цардвæндаги райдайæн адтæй, уæд уой ба кæцæй зудтайдæ, æма æ еци цардвæндаги кæрон дæр фæззæг исуодзæнæй – æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2013 анзи 5 сентябри...

Аци анз Æгъузарти Саугени фурт Саукуййи райгурдбæл исæнхæст æй астинсæй анзи. Æма ин æ рохс ном имисæн, абони нæ газети ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæй.

...Æ цубур радзурдтæй еуеми Саукуй уотæ финста: *«Мабал мæ хонетæ, даргъ нæдтæ, уæ балцити, мабал...»* Æ еци гъенцъун загъд, гъулæггагæн, исæцæг æй уæззау хабарæй – æ уæлзæнхон цардæй рахецæн уогæй, фæцæнцæ æ балцитæ æ карни даргъ нæдтæбæл. Фал нæ фæцæнцæ æ арфиаг гъуддæгути, æ исфæлдистадон хъиамæтти балцитæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæрæццаг уодзæнæнцæ...

## АРФИАГ ГЪУДДАГ



### ХЪÆБÆЛОТИ БИЛАРИ НОМБÆЛ СТИПЕНДИ – ÆНТÆСТГИНДÆРТÆН

Куд зонæн, уотемæй разагъди лæгтæй еу, номдзуд паддзахадон архайæг Хъæбæлоти Емæзай фурт Билари цитгин ном исæносон кæнуни туххæй 2017 анзи æ номбæл нисангонд æрцудæй Цæгат Иристони Хецауади сæрмагонд стипенди, кæци лæвæрд цæуй нæ республики ахургæнæндæнтти æнтæстгиндæр студенттæн. Стипенди алли анз дæр раттунцæ, ахури, наукон-æртасæн æма исфæлдистадон кусти бæрзонд бæрæггæнæнтæ ка 'вдиста æма сæ еугурдуйнеуон æма еугуруæрæсеуон конкурсти, фестивалти æма олимпиадити уæлахезти æвдесæндартæ, сертификаттæ æма Кади гæгъæдитæй ка бафедар кодта, еци студенттæн. Стипенди федунцæ республики бюджети фæрæзнитæй.

Хъæбæлоти Билари номбæл стипенди аци анз кæмæн гъæуама лæвæрд æрцæуа, уой исæлвурд кæнуни туххæй æрæги арæзт æрцудæй сæрмагонд паддзахадон æмбурд. Куд рабæрæг æй, уотемæй стипенди есуни фæдбæл курдиæттæ балæвардтонцæ уæлдæр ахурадон уагæдæнтти 18 студенти æма астæуккаг профессионалон уагæдæнтти 8 ахургæнуйнаги. Сæ еугурдæр æнцæ нæ республики цæргутæ, куд Иристони, уотæ æндæр рауæнти ка ахур кæнуй, уæхæн фæсевæд.

Экспертон къамиси иуонгтæ лæмбунæг æркастæнцæ, еци курдиæттæмæ. Хигъд цудæнцæ сæ ахури бæрæггæнæнтæ, уæдта æртасæн æма исфæлдистадон архайд. Стипендибæл дзоргути 'хсæн ес еугурдуйнеуон æма еугуруæрæсеуон конкурсти уæлахездзаутæ, Уæрæсей Федераций Президент æма Хецауади гранттæ райсгутæ, æртасæн кустити автортæ æма уотæ идарддæр.

Къамиси иуонгтæ æхсæз æма инсæй кандидаттемæй равзурстонцæ дæс, Хецауадæй ахури анзи дæргъи разæнгардгæнæн æхцай фæрæзнитæ (дæс мин соми) алли мæйæ дæр ка есдзæнæй, уони.

Æмбурди куд амунд æрцудæй, уотемæй ке курдиæттæмæ æркастæнцæ, еци лæхъуæнтæ æма кизгуттæ хъæбæр хуарз бæрæггæнæнтæ æвдесунцæ ахури, наукон æма æхсæнадон архайди. Еугур кандидаттæ дæр еци стипендий аккаг æнцæ. Фал хуæздæртæй хуæздæртæ æвзурст æрцудæнцæ, сæ гæгъидæтæмæ син лæмбунæг æркæсгæй. Фиццаг нисангонд адтæй æхсæз стипендий. Фал 2020 анзи сæ нимæдзæ исхизтæй дæсемæ.

*Джалаладдин РУМИ (1207-1273), персайнаг поэт: «Уотæ нæмæ фæккæсуй, цума сифтæй бæгънæг къалеутæ зумæгон фунæй фæуунцæ, фал етæ еудадзугон дæр сосæг кустбæл хуæст æнцæ – сæ уалдзæгмæ сæхе фæццæттæ кæнунцæ...» Æма уæд адæм, сæхе уоййасæбæл зундгин æнгъæлгæй, уони хузæн сæ исонибони сæрбæлтау абони цæмæннæ архайунцæ?..*

## ЗÆРДÆХЦÆУÆН ФÆНДОН



Студенттæн сæ стипендитæ цæмæй исуонцæ фæццæруни тæккæ минкъийдæр феддони бæрцæ, уой фæдбæл закъони проекти фарс рахуæстæнцæ нæ республики Парламенти Совети иуонгтæ дæр. Уæлдæр ахургæнæндæнтти студенттæн стипендийæн нуртæккæ фист цæуй 1825 соми, астæуккаг профессионалон ахургæнæндæнтти ахурдзаутæн ба – 664 соми. Е цанæбæрæг æй, уæлдайдæр сæ бийнонти уавæртæ кадавар кæмæн æнцæ æма уомæ гæсгæ тухстдзийнæдтæ ка æвзаруй сæ ахури рæстæг, еци студенттæн. Æма син æхцæуæн куд нæ уодзæнæй, нур ци проекти туххæй цæуй дзубанди, е закъони барæ ку райсæ æма сæ стипенди фæццæруни тæккæ минкъийдæр феддони æмбæрцæ ку исуа – е абони æй 16 242 соми.

## ХЕЦАУДЗИЙНАДÆ



Уæрæсей Федераций Президент Владимир Путини Указæй полиций инæлар-майор Демьян Лаптев нисангонд æрцудæй Цæгат Иристони медгъуддæгути министрæй. Региони полиций косгути видеобастдзийнади фæрци нæуæг министри хæццæ базонгæ кодта Уæрæсей медгъуддæгути министри фиццаг хуæдæййевæг Александр Горовой. Цæгат Иристони разамунди номæй мадзали архайдта нæ республики Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис дæр.

Демьян Лаптев райгурдæй сахар Минеральные Водыйи, раздæр куста Томски облæсти медгъуддæгути министради Управлений хецауæй. Ес имæ дууæ юридикон уæлдæр ахургонддзийнади. Æй медгъуддæгути оргæнти æскъуæлхт косæг, берæ хуæрзеугути хецау.

## ИСФÆЛДИСТАДОН ЕРИСТÆ




Паддзахадон Думи депутат, хуæрзауодæн фонд «Фарн»-и бундорæвæрæг Мæхъити Зураби хъæппæресæй бабæй арæзт цæуй аллианзон исфæлдистадон конкурс «Иристон – мæ зæрди». Архайуни фадуат си ес 1-11-аг кълæсти ахурдзаутæн уæхæн номинацити: «Хуæздæр эссе маддæлон (ирон æма уруссаг) æвзагбæл», «Хе финст хуæздæр æмдзæвгæ маддæлон (ирон æма уруссаг) æвзагбæл» æма хузæ «Иристон – мæ зæрди». Уæлахезонтæ хуарзæнхæгонд æрцæуедзæнæнцæ хъазар лæвæрттæй. Конкурси архайуни фæдбæл исфæлдистадон æрмæгутæ бадæттæн ес 30 ноябри уæнгæ. Еугур исфæлдистадон кустітæ дæр бадæттæн ес уæхæн электрон постæй: osetia.konkurs@mail.ru. Фарстатæ бадæттæн ес уæхæн телефонæй: 8(8672) 53-25-45.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

**Цæгат Иристони компанитæ архайдтонцæ бизнес-миссийи Ирани. Еци фембæлд традицион æгъдауæй исаразта центр «Мой Бизнес». Уой директори ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Бэлæ ОСИПЦОВА куд зæгъуй, уотемæй е аци анзи дæргъи æй æртиккаг уæхæн мадзал, раздæр гъуддаги фембæлдтитæ арæзт æрцудæнцæ Еугонд Араббаг Эмираттæ æма Азербайджани. Аци мадзали рæстæг бæлвурд экспортон контракттæ исаразун æма уой фæсте продукци рарветунмæ рахезун.**

* * *

Адæмæн сæ цæрæнбунæтти равгитæ куд уа æрдзон газæй пайда кæнунæн, уой фæдбæл сæрмагонд паддзахадон программæ æнтæстгинæй æнхæстгонд цæуй Цæгат Иристони. Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2025 анзмæ нæ республики цæрæнбунæттæн сæ 98,17 процентти еци хузи артагæй ефтонггонд уодзæнæнцæ. Нерæнгæ бал æнæгъæнæй æнхæстгонд æрцудæнцæ 2021-2022 æнзтæн нисангонд ихæстæ. Хæстæгдæр рæстæги ба ма цæрæнбунæтти 'хсæн гази хæтæлтæ рауадздзæнæнцæ 79 километри, 18,3 километри ба – Алагири, Ирæфи æма Мæздæги районти 23 цæрæн бунæттæмæ газ бауадзуни туххæй. Æдеугурæй еци артагæй фæххайгин уодзæнæнцæ 330 бийнонти.

* * *

**Æрдзон æвадуат уавæрти, гъома, æрлæсæнтæй тæссаг рауæнти ка 'й, уæхæн хæдзæртти нимæдзæ Мæздæги райони æй авдинсæййемæй фулдæр – Предгорныйи, Минкъий Малгобеки, Хъæзлар æма Сухотскийи гъæути. Уæхæн уавæр изæвзурдæй Алагири, Дигори æма Ирæфи районти дæр. Нуртæккæ республики Хецауадæ федералон профилон министрадтæ æма ведомствити хæццæ косунцæ адæми æдас, хуæрзвадуат, нивæбæл арæзт цæрæнуæттæмæ раййевунбæл.**

* * *

Нæ республики 23 октябри райдайдзæнæй æма аци мæйи кæронмæ цæуздзæнæй мадзал «Гъæдæ багъæуай кæнæн». Архайдзæнæнцæ си республики хецауади оргæнтæ, кустуæттæ æма æхсæнадон организацити минæвæрттæ, журналисттæ æма бархеуонтæ – æдеугурæй дууæ мин адæймагемæй фулдæр.

Аци мадзал нæ республики арæзт цæуй рагæй, æма еци рæстæги нæмæ гъæдти сагъд æрцудæй 430 мин талайемæй фулдæр. Аци фæззæги ба сагъд æрцæудзæнæй сурх толдзи æма æнгози талатæ.

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ПАРЛАМЕНТИ АРХАЙДИ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ



# ФАДУÆТТÆ ЕС – ХÆДЗАРДЗИНÆЙ СИ ПАЙДА КÆНÆ!..

Раздæр дæр ма куд финстан, уотемæй Цæгат Иристони Парламенти нури исконди архайди фæззиндтæй пайдахæссæг нæуæгдзийнæдтæ. Уонæй еу – Парламенти Совети æмбурдтæ рæстæгæй-рæстæгмæ кезугай арæзт цæунцæ нæ республики районти. Уотемæй депутаттæ комкоммæ базонунцæ уонæми цардиуаги хабæрттæ, бæлвурддæрæй исбæрæг кæнунцæ адæмæн сæ сагъæссаг фарстатæ исæнхæст кæнуни равгитæ.

Парламенти Сæрдар **Тускъати Тайморази** разамундæй æрæги уæхæн æмбурд арæзт æрцудæй Дигори райони. Уой райдайæни Тускъай-фурт æ радзубандий æримиста, аци районæн æ анзфинст цæйбæрцæбæл гъæздуг æй историон, социалон-культурон, тугъдон æма фæллойнадон намусдзийнæдтæй, евгъуд æноси инсæйæймаг æнзти си ци агъазиау экономикон æйййивддзийнæдтæ цудæй æма адæмон хæдзарадæ си куд ирæзтæй, уой фæдбæл цаутæ æма хабæрттæ. Æримиста, аци районæй рацæуæг адæймæгутæй æ хъазауатон фæллойнæй æма æскъуæлхтдзийнæдтæй куд сæ райгурæн район æма Иристон, уотæ нæ Фидибæстæ дæр ка кадгин кодта, уони дæр. Æма искодта уæхæн хатдзæг: евгъуд рæстæгути æнтæститæ æма фæлтæрддзийнадæбæл æнцойнæ кæнгæй, абони цардарæзти уавæрти нæмæ гъæуама разинна разæнгарддæрæй размæ цæунæн.

Дигори районы муниципалон исконди абониккон социалон-экономикон уавæри туххæй æмбурди радзубанди кодта райони сæргълæуууæг **Цагъати Сослан**.

Зæгъæн, районы бюджети æфтуйæггæгтæ 2022 анзи рауадæнцæ 596 миллион 505 соми – раздæри амунд нисантæн сæ 96,4 проценти. Районы разамонæги дзубандимæ гæсгæ, фиццаградон хæрзтæ адтæнцæ косгутæн мизд федун, ахургæнæндæнттæн, рæвдауæндæнттæн æма адæмæн социалон агъаз кæнун, уæдта коммуналон хæрзтæ.

Цагъай-фурти æ радзубандий бæлвурдæй фегъосун кодта районы гъæуунхæдзарадон къабази фарстатæ, уæдта национ проекттæ «Демографи», «Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ», «Культурæ», «Ахурадæ», «Цæрæнуæттæ æма сахайраг фæлдзосадæ» куд æнхæстгонд цæунцæ, уобæл.

Уой фæдбæл адтæнцæ сæ фарстатæ Парламенти депутаттæ **Хæдарцати Аслæнбегæн**, **Остъати Георгийæн**, **Черчести Асланæн**, Парламенти Сæрдари хуæдæййевæг **Дойати Светланæн**.

Дигори районы минкъий æма рæстæмбес амалгъонади субъекттæн паддзахади 'рдигæй куд агъазгонд цæуй, уой фæдбæл адтæй æ радзубанди промышленности, бастдзийнади æма амалгъонади парламентон комитети сæрдар **Кисити Моратæн**:

– Евгъуд анзи депутаттæ исфедар кодтонцæ минкъий æма рæстæмбес амалгъонадæн агъазгæнæг республикон закъонти проекттæ, цалдæр районемæн ба 2022 анзи еци нисанæн лæвæрд æрцудæй 185 миллион соми.

Парламенти национ политики æма фæсевæди гъуддæгути фæдбæл комитети сæрдар **Джиоти Георгийæн** ба æ дзубанди адтæй, районы медæгæ национ рахастдзийнæдтæ ци уавæри 'нцæ, фæсевæдон политикæ, физикон культурæ æма спорти райрæзтæн районы циуавæр куст æнхæстгонд цæуй, уобæл, уæдта æнæкоммерцион организацитæ æма паддзахадон хецауадзийнади къабæзти æмархайдбæл. Æма куд баханхæ кодта, уотемæй районы цæруй 26 адæмихаттемæй фулдæр, сæ хæццæ месхетинаг туркæгтæ дæр, æма сæ еугурдæр цæрунцæ лимæнæй, кæрæдземæн аргъ кæнгæй. Еумæ бæрæг кæнунцæ сæ национ æма дини бæрæгбæнттæ, архайунцæ спорти национ хузти еристи. Спорти алли хузти архайунцæ 5840 æригон адæймаги, районы цæргутæн сæ бæрцæмæ гæсгæ, е æй хъæбæр хуарз бæрæггæнæн.

Совети иуонгтæ равзурстонцæ æма æрдзубанди кодтонцæ республики социалон-экономикон æма æхсæнадон-политикон царди хæццæ баст федералон æма республикон закъонти проекттæбæл æма Уæрæсей Федераций еуæй-еу субъектти закъонæвæрадон хъæппæрестæбæл.

Æмбурди кæронбæттæни Парламенти Кади грамотитæй Тускъати Таймораз исхуарзæнхгин кодта, берæ æнзти дæргъи æнæзæрдихудтæй фæллойнæ кæнгæй, районы размæцуди аккаг байвæрæн ка бахаста, еци косгути, се 'хсæн – зæнхкосгутæ, экономисттæ, дохтиртæ.

Уотæ рауадæй æма еци бон байеу æнцæ совети радон æмбурд Дигори районы æма ахургæнæги Бон. Уомæ гæсгæ Парламенти Сæрдар бабæрæг кодта сахар Дигорай Къесати Аслани номбæл 2-аг астæуккаг скъола. Еци бон ма Тускъати Тайморазæн районы ахурадон къабази минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми æрдзубанди кодта аллихузон ахсгиаг фарстати фæдбæл, уæлдайдæр ба ирæзгæ фæлтæри Райгурæн бæстæбæл æновуд ун, æ истори ин зонун, уарзун æма цитгин кæнуни зундирахастбæл сæ гъомбæл кæнуни ахсгиагдзийнадæбæл.

Фембæлди рæстæг æргом дзубанди рауадæй ахурадон къабази æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстати фæдбæл дæр. Зæгъæн, районы ес, компьютерон техникæ кæми нæ фагæ кæнуй, уæхæн скъолатæ. Уомæй сагъæссагдæр фарста ба е æй, æма гъæууон скъолати нæ фагæ кæнуй ахургæнгутæ, уæлдайдæр ба уруссаг æвзаг æма математики ахургæнгутæ. Парламенти Сæрдар уой фæдбæл куд загъта, уотемæй еци фарста æцæгæйдæр хъæбæр сагъæссаг æй, æма уой гъæугæ хузи фæррæвдзæдæр кæнуни фæдбæл республики разамунди 'рдигæй арæзт цæунцæ бæлвурд мадзæлттæ. Зæгъæн, цæмæй æригон ахургæнгутæ разæнгарддæрæй арази кæнонцæ гъæууон скъолати косунбæл, уомæ гæсгæ син арæзт цæунцæ сæрмагонд материалон-социалон мадзæлттæ.

Еци фембæлди рæстæг Тускъати Таймораз Парламенти Кади грамотитæ æма Парламенти Сæрдари Арфи финстæгутæ равардта районы хуæздæр ахургæнгути къуарæн.

Дигори районмæ æ балций рæстæг Парламенти Сæрдар бабæрæг кодта дууæ цалдæр промышленнон æма аграрон кустуати. Уой фæдбæл хецæн æрмæгутæ ниммухур кæнуйнаг ан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.

**Революционер, тугъдон æма паддзахадон архайæг Æвзурæгти Гаврили фурт Марки райгурдбæл 24 октябри æнхæст кæнуй фиддæс æма æхсæзинсæй анзи (1888-1937).**

***ÆГЪУЗАРТИ Саукуй æ новеллитæй еуеми («Кумæ цæуис?..» уотæ финста: «Æз цæун кумæдæр, æнгъæл кæмæн нæ дæн, уæхæн кумæдæр. Цæун, фал ацал-ауал анзи некумæ ма ’рцудтæн. Ку æрхъæртон, уæдта мæ цард фæууодзæнæй. Гъæуи фæсте ци уæлмæрдтæ ес, е мæмæ æ тæппæзтæ телуй. Æхсицгæ зæрдæй мæ хонуй æхемæ. Цума си еу мæн хузæн нæййес, уоййау. Мæ фæллад зæрдæ, кумæ цæуис?
– Мæрдти Барастурмæ!..»***


Дигори исфæлдистадон архайгути фембæлд. ÆГЪУЗАРТИ Саукуй (раззаг рæнгъи галеуæрдигæй фиццаг) æма КОЛИТИ Витали (еци рæнгъи галеуæрдигæй цуппæрæймаг). Къарæ ист æрцудæй советон доги.

# МАХÆН БА УОДЗÆНÆ ÆНОСТÆМÆ ЦАРДÆГАС...



**КОЛИТИ Витали,**
Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг

Æ сæрбæл ин арт æндзарстонцæ, – е ба ’й бæрзонддæр хаста.

Æ цъухæй ин е ’взаг исцæйтудтонцæ, – е ба сæмæ лигъз цъухæй дзурдта.

Æ реуæй ин æ зæрдæ исцæйрæдувтонцæ, – е ба фæлмæнæй–фæлмæндæр кодта.

Æ къахи хæцъæфтæ ин лух кодтонцæ цæвгутæй, – е ба æдæрсгæй цудæй æ равзурст надбæл.

Гъо, уæхæн уоди хецау адтæй Æгъузарти Саукуй. Берæ зиндзийнæдтæ ин фæууинун кодтонцæ, æ уоди гъар зæрдегенæй кæмæн лæвардта, æхе уодау кæбæл æууæндтæй, æ еци «лимæнтæ».

Фал уæддæр æ зæрдихудт некæд некæмæн исгъæр кодта, некæд некæмæй рагъаст кодта.

Цидæр устур æма æнахур æууæнкæй æууæндтæй адæмбæл, æма ’й æ еци тухæ æрхаун нæ уагъта.

Саукуй ци адтæй, уомæй адтæй цæрæццаг. Уарзта æ цæстæ еугуремæн дæр хуарздзийнадæ, нæй фæндадтæй ескæмæн лæгъуздзийнадæ фæуун, ескæмæн маст исаразун.

Студент ма адтæн, уæд базонгæ дæн Саукуййи хæццæ. Уæдæй æ рамæлæти уæнгæ, æстæн хаттæй уæлдай нæбал хецæн кодтан кæрæдземæй. Адтæй нин, цæбæл дзубанди кодтайанæ, уæхæн дзубандиæгтæ. Бæргæ гъавтан фæззæги Фæрæскъæттæмæ фæццæунмæ дæр æ мади æрвадтæлти райгурæн гъæумæ, фал…

Ехх! Уогæ ба фæндитæ цал æма цал хатти байзайунцæ æнæнхæстгондæй. Уотæ фенгъæл уæн, æма æносмæ цæрдзинан, зæгъгæ. Царди бонтæ ба удзестæбæл нимад ке фæуунцæ, е ба нæ гъудий дæр нæ фæууй.

Саукуййи устур æскъуæлхтдзийнæдтæй еу æй æма журнал «Мах дуг»-и бæрнон секретарæй косун ку райдæдта, уæдæй фæстæмæ журнали фæрстæбæл ахидæй-ахиддæр зиннун райдæдтонцæ дигорон авторти уадзимистæ, уæлдайдæр ба æригон финсгути æрмæгутæ.

Æ иннæ устур байвæрæн ба ’й уой медæги, æма республикон радиокомитети хецауæй косун ку райдæдта, уæд ахидæй-ахиддæр игъусун райдæдтонцæ эфири дигорон æвзагбæл радиобакаститæ, цал æма цал авторемæн искодта радиобавдиститæ дигорон æвзагбæл, уонæн банимайæн дæр нæййес. Мæнæн, мæхецæн ахид байхæс кæнидæ, еци æма еци автори туххæй æрмæг бацæттæ кæнæ, уæдта ин е ’мдзæвгитæ дæр бакæсæ, зæгъгæ. Æма ин æ курдиадæ алкæддæр æнхæст кодтон. Гъе, уотæ æновуд адтæй æ маддæлон æвзагбæл Саукуй, уарзта ’й цъухæй кедæрти хузæн нæ, фал зæрди арфæй. Мæ бон зæгъун æй, Саукуййи фæрци байгон æй над дигорон автортæн эфирмæ. Уой фæрци базудтонцæ берети нæмттæ радиомæ игъосгутæ.

Куд кæстæр, уотæ алкæддæр мæхебæл æнкъардтон æ ауодундзийнадæ. Адтæй цæстуарзон, хæларзæрдæ æма гиризгæнагæ. Æгирид дæмæ ходун ку нæ цудайдæ, уæддæр дин уæхæн игъæлдзæг хабæрттæ кодтайдæ æма дæ ходунæй нæбал æнцадайсæ.

Æхе хузæн рæстзæрдæ æнгъалдта еугурей дæр, адæм имæ еугурæйдæр уотæ кæдзос кастæнцæ æма сæбæл æууæндгæ дæр уомæн кодта. Гъулæггагæн, уонæй ба си беретæ, над кæмæн къæрт кодта, æ берæ хуæрзтæй хъæбæр устур хайгин ка адтæй, етæ ба ин сæ цифуддæр æма ци фулдæр ристæвзарæтæй хадтонцæ.

Нæ цудæй сæ зæрдæмæ, уонæй кæмидæр арæхстгиндæр æма æнтæстгиндæр ке адтæй, еци гъуддаг. Æма ’й фæсауууонмæ аллихузи мадзæлттæй дæр рæхустонцæ. Уой ба си æргомæй æ нихмæ комкоммæ æрлæууун неке ’ндиудта, уомæн æма зудтонцæ сæ æдухæдзийнадæ. Мæ бон æй уонæн сæ нæмттæ æргомæй зæгъун дæр, фал газет ескæбæл цъифкалæни фæрæзнæ нæй. Газет гъæуама æ кæсгути цæрæццаг кæна, æрхуни æма дан-дунти тæскъи сæ ма тъунса.

Саукуй ба æ цардæмдæргъци фулдæр хай мухури оргæнти батар кодта, неке фæливта, уомæн æма ’й лæдæрдтæй, – абони уа, фæууидтонцæ дуйней рохс еци цæстуарзон адæймаги фæрци... Банимайæн дæр син нæййес. Уой дæр еци доги æнхæст фæндон бартæ лæвæрд нæ цудæй нæдæр автортæн, нæдæр ба сæ мухурмæ ка цæттæ кодта, уонæн. Уæддæр Æгъузари-фурт архайдта, цæмæй авторти æрмæгутæ еугур къуæхисон уа, уæддæр æ рæстдзийнадæ хорæмбæрæг исуодзæнæй. Æма цард куд равдиста, уотемæй æцæгæйдæр уотæ рауадæй. Кæдзосудæй куд фæццардæй уæлæбæл, уотæ кæдзос цæсгони хæццæ бацудæй мæрдтæмæ дæр.

Саукуй куста рауагъдадæ «Ир»-и сæйраг редакторæй дæр. Цал æма цал авторей киунуги тæгонд ма цудайуонцæ, уобæл. Æма уоми ба нихмæлæуддзийнадæ æма гъæддух ун гъудæй. Саукуй ба адтæй, фæттасæн кæмæн нæ адтæй, уонæй еу.

Æз уой ку зудтайнæ æма мæ ескæд Саукуйбæл æ фæсмæрдæ финсун багъæудзæнæй, зæгъгæ, уой, уæд ин бæргæ лæмбунæгдæр кастайнæ æ цардмæ, фал уой æнгъæл ка адтæй, æма уотæ тагъд, уотæ æнæнгъæлти фæгъгъæуддзæнæй не ’хсæнæй.

Саукуййи исфæлдистадæбæл ма мæ фæндуй хуæрзцубурæй æрлæуун. Куд журналист – очерктæ финсæг, уотæ ин æ раз æстæнтæй уæлдай неке байахæстайдæ. Цубур æрмæги дæр адæймаги сорæт, уотæ берæвæрсугон хузи исаразидæ æма мæнæ, кæбæл дзурдта, е цума нæ бакомкоммæ лæудтæй, уотæ кæсидæ кæсæгмæ. Кодта тæлмац кæнуни куст дæр. С. Есенинæй ци æмдзæвгити цикл ратæлмац кодта, уони ма абони дæр мæ зæрдæбæл дарун, цума сæ цитгин поэт æхуæдæг дигоронау ниффинста, уотæ. Куд прозаки, уотæ дæр æ уацаутæ аккаг бунат ахæссунцæ нæ литератури. Фал уæлдай хъæбæрдæр ба æ æведуйгæ искурдиадæ райгон æй æ цубур миниатюрити. Цалдæр рæнгъеми устур гъуди байвæрун æнцон гъуддаг нæй, Саукуййæн ба е æнтæстгинæй æфтудæй æ къохи. Миниатюрæ литератури æй тæккæ зиндæр финсæн жанртæй еу.

Æрмæг куд цубурдæр уа, уотæ е ’сфæлундун зиндæр æй. Е хауй уайдунтæ, эпиграммитæ æма пародитæмæ дæр. Гъуди гъæуама уа æлвæст, цубур æма еци-еу рæстæг ба арфгъудигин.

Ци хузи жанрмæ дæр бавналæ, алкæцæй дæр си цудæй уæлахезæй. Е ба дин Саукуййи иннæ исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнадæ.

Фæстаг рæстæги е ’нæнездзийнадæ ку æрлæмæгъ æй, уæддæр исфæлдистадон кустбæл ба æ къох нæ исиста, уомæн æма Саукуй æрдзæй исæнтæсгæ финсæг æма журналист адтæй.

Цард уотæ цæмæн æй? Адæймаг цалинмæ не ’хсæн фæууй, цалинмæ ма æ цæститæ игон фæуунцæ, уæдмæ ин нæ фæллæдæрæн æ уоди рист, æ маст, æ тухсундзийнадæ. Ку нæбал фæууй не ’хсæн, уæдта тæрхæнттæ кæнун райдайæн.

Ахид мин лигъстæ кæнидæ, зæгъгæ, биццеутæ, æрбацæуайтæ мæмæ нæхемæ, мах ба рабадæн, радзубандитæ кæнæн.

Фæстаг хатт ма мæ къæбинетмæ ’рбацудæй журналтæмæ. Е адтæй æ рамæлæтæй цалдæр боней размæ. Уæддæр бабæй мин балигъстæ кодта, гæлæхха, ескæд мæмæ ’рбацæуай, зæгъгæ.

Æз ин зæрдæ байвардтон. Цæмæй зудтон уой, æма мæ Саукуййи хæдзарæмæ æ кирæбæл мæ къох æвæрунмæ цæун багъæудзæнæй?

Фæррохсаг уо, Саукуй. Дæ бауæр ци мæрæбæл æрæнцадæй, е дин дæхе уодау фæлмæн фæууæд. Махæн ба уодзæнæ æностæмæ цардæгас.

## ЦАРДВÆНДАГИ ФÆЛТÆРÆНТÆ



ÆГЪУЗАРТИ Саугени фурт Саукуй райгурдæй 1943 анзи 14 октябри Цæгат Иристони Дур-Дури гъæуи зæнхкосæги бийнонти ’хсæн.

Æ цард иснивонд кодта дзурдаййевадæн. 1975 анзи каст фæцæй Ростови уæлдæр партион скъолай журналистики хайадæ.

Алли æнзти фæллойнæ кодта мухури оргæнти, адтæй рауагъдадæ «Ир»-и сæйраг редактор, Цæгат Иристон-Аланий телерадиокомпаний сæрдари хуæдæййевæг, 1979-1984 æнзти куста журнал «Мах Дуг»-и бæрнон секретарæй, газет «Дигорæ»-йи хайади сæргълæуугæй. Мухури цудæнцæ æ уадзимистæ: æмдзæвгитæ, этюдтæ, новеллитæ, радзурдтæ, уацаутæ.

Берæ исфæлдистадон фæндитæ ма имæ адтæй, фал ин сæ æнхæст кæнун нæ бауагъта æгъатир мæлæт.

Æгъузарти Саукуййи ном некæд феронх уодзæнæй, литературæбæл еузæрдиуон ка ’й, уонæй.

## ÆГЪУЗАРТИ САУКУЙЙИ ИСФÆЛДИСТАДОН БУНДАЙРАДÆ – Æ КИУНУГУТÆ









**Советон Цæдеси Бæгъатæр болкъон Маюров Иван Ивани фурти райгурдбæл 26 октябри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1918-2000). Фæстугъд ма службæ кодта Советон Æфсади рæнгъити, уордигæй æ карæмæ гæсгæ рацæугæй ба цардæй Дзæуæгигъæуи.**

*ЛЕГКОЙТИ Геуæрги (1937-2019), медицинон наукити кандидат, финсæг: «Æгъузарти Саукуййи финст аййевадон уадзимисти 'хсæн бæлвурд бæрæг дарунцæ æ цубур радзурдтæ, налхъут-налмаси фæрдгути хузæн алæмæти зæрдæмæдзæугæ 'нцæ. Кæцидæриддæри си ку бакæса адæймаг, уæд берæ гъудити бацæуй. Кæд финст цубурæй æнцæ, уæддæр сæ гъуди арф æй. Беретæ 'нцæ*



**ÆГЪУЗАРТИ Саукуй æ цубур радзурдтæй еуеми («Фæстаг балци») уотæ финста: *«Цардæй адзали æхсæн над, ци сагъæсæйдзаг æма æнæбун дæ, ци! Фал ку æрсæумæ уй, фиццаг хори тунæ гъар бауæрбæл ку исæмбæлуй, бæлæстæй мæлгъити æвæлмæцгæ зартæ ку райгъусунцæ, уæд мæ медкатайбæл зæнхон цийнæ фæуууæлахез уй, мæ нидæн дзорæ гъæрмæ рахезуй: «Æдзохæй мæлæти кой ци кæнис, мæ фæлмæст зæрдæ?»***

***Хуæддзойæй дæбæл мæнæ ци алæмæти сæумæ ралæудтæй, уобæл цийнæ, табедзæ кæнæ, сугъзæрийнæ тæбæгъти ин ковæ æма дæмæ е ба цард æ медбилти хода! Мæлæти кой æппундæр мабал кæнæ, ке кой кæнай, е къæсæрбæл – æмбæлагæ, мæ уод мин хуæрунæнгъæл ка 'й, е бал дуармæ æнæдзебæл æнгъæлмæ кæсæд, мæ къæсæрбæл фунæй кæнæд æма æнгъæлдзауæй æ дууæ сау цæсти курмæй лæуууæнтæ!***

***Уæртæ бæлæстæй мæлгъитæ ци дессаги зартæ кæнунцæ! Уæлæ æнæмегъæ арвæй хор æ гъар туntæ куд æнæвгъауæй лæуаруй! Мæнæ ци хъазар æма уарзон æй, ци! Дæ уоди талингæ, уазал къумтæ си исрохс, исгъар кæнæ, дæхе бафсадæ царди æвæллайгæ дзæбæхтæй, мæнæ лæг!»***

**Уойбæрцæбæл цардбæллон уогæй, Саукуй уой дæр куд нæ лæдæрдтæй, æма, æ дуйней алцæмæн дæр райдайæн æма кæрон куд ес, уотæ цардвæндагæн дæр ес райдайæн æма кæрон. Æма æ иннæ цубур радзурди («Осиат») финста:**

***«Аци дуйнемæ, аци мур-мургæнгæ дуйнемæ иуазæгуати рæстæгмæ æрцудтæн. Уæс гал кæми нæ кæнуй, биццеу ба – лæг, еци бæстæмæ мин æнæ фæццæугæ нæййес. Тагъд имæ бæргæ нæ кæнун, фал царди ци не 'рцæуй...***

***Дуйней фарнæ! Еу осиат мæмæ ес дæумæ.***

***Ци бон цæуон, еци бон асæст уæд. Уаргæ ма кæнæд, уазал ма гъизæд.***

***Кæд æгадæй цæуон, уæд мæбæл уæ сæртæ фæххуайетæ, адæм!***

***Кæд æгъдаубæл уа мæ цуд, уæд мæбæл ма никкæуетæ, адæм!***

***Хуарз лæгбæл кæун мæнмæ ходуйнаг кæсуй. Мæ цирти дорбæл мин ниффинсетæ: «Кæугæй райгурдæй, уарзгæй фæццардæй, ходгæй рамардæй...»***

**Æма æ еци фæдзæхстмæ гæсгæ 'й имисæн зæрдресгæй дæр æма зæрдрохсæй дæр – æ уадзимисти рохсдзийнадæ нин нифсдæттæг æнцæ…**

**Абони ин мухур кæнæн æ финст новеллитæй кæцидæрти, уæдта нæ Дигори номдзуд лæгти туххæй финст æрмæгутæ дууæ (6-7-аг фæрстæбæл).**

# «МÆ ЦИРТИ ДОРБÆЛ МИН НИФФИНСЕТÆ: «КÆУГÆЙ РАЙГУРДÆЙ, УАРЗГÆЙ ФÆЦЦАРДÆЙ, ХОДГÆЙ РАМАРДÆЙ...»



## РАЗАРÆ

*Адæмон артисткæ Медойти Светæн*

Разарæ мин: æма кæд æригъал уиуонцæ мæ рохс фæндитæ.

Разарæ, æма кæд феронх уидæ мæ рист зæрди катай.

Разарæ мин, разарæ!

Дæхе зæрдæ дæр рист æй. Дæхе зæрдæ дæр – мæнонау гъæрзуй.

Æма дæ лæдæрун, æма дæ æнкъарун.

Мæ бон неци æй. Æрмæст дæмæ сæркъолæй игъосдзæнæн, æрмæст дæ зæрдæй лæдæрдзæнæн.

Уомæн æма ду ке ахæсти бахаудтæ, е æндæр æй. Æз ке туххæй дæн мæтъæл, е дæр æндæр æй. Æндæртæ 'нцæ, фал уарзт ба – еу æй. Уарзт æгасæйдæр зæрдæй конд æй. Æма кæрæдземæн еске нæ ан, хеуонтæ ан.

Æма мин зарæ.

Зарæ мин, зарæ!

## МÆ ИСОН

Имисæн бонтæ – æнкъард бонтæ.

Ци тæхсал биццеу адтæн, куд æгæрон уарзтæй уарзтон, фал, ехх, куд фæттолуй мæ хор! Нигулæнмæ. Æма циуавæр хор? Зæлдагæ, фæлмæн, рæвдаугæ.

Гъудитæ, сагъæстæ... Сæдæ мини бацæнцæ. Зæйæ дæр сæ нæ фæлласдзæнæй. Фиццæгти бæргæ нæ адтæнцæ, гъæмпи уæзæ дæр нæ кодтонцæ, нур ба æвецуг æнцайунцæ, сæрихъанзбæл, æзгелунцæ уоди рæбуйнаг римæхсæнтæ, деголæ кæнунцæ зæрди фæххуæцæнтæ.

Мæ исон...

Фæннигулдæй мæ зæлдаг хори тунæ, мæ фæстаг хори тунæ.

Ка загъта уотæ?..

## ХОНÆГ ÆВИ ГЪÆРГÆНÆГ

Арв – сарсийнæ.

Зæнхæ – амæнтæн.

Уотæ мæмæ фæккæсуй, цума нин арв нæ царди бонтæ лæдæруй, зæнхæ ба алке æ бунатбæл исæмбæлун кæнуй.

Гъей, уæлæ арв, æвæдзи, мæлæт – зæйæ æгæр ахид æгъзалис!

Гъей, мæнæ зæнхæ, мæ лимæнтæй мин нур цал рарвистай дæ губунмæ!

Цæрунгъæуагæй. Æвеппайди. Карз нези фæрци!

Горæти кæрон цæрæн хæдзæртти нимæдзæбæл куд æфтуйуй, дууæ хатти фулдæр ба уæлмæрдти ниллæг, «къæстæ» ирæзунцæ!

Æма катай кæнун, тухсун хенимæри. Тухсун: ци цæрæнбонтæ мин байзадæй, уоми мæмæ фагæ цæстисуг ку нæбал разинна... Гъе, уойбæрцæ фæккудтæн.

Кадæр бабæй дуар хуайуй.

Гъæргæнæг æй æви хонæг?

Хонæг æви гъæргæнæг?

## ДАЦЦИ

Мæн аци дуйнемæ ка рауагъта – айфонмæ бабæй мин гъæуæй горæтмæ мæ къахдзæфтæ нимайис, мæ фæууиндмæ дæ билицъæрттæ хуæрис.

Мæн дуйней рохсбæл ка ниббаста – ахид дæмæ нæ ниццæун, мин-мин сагъæси мæ царди тумугъи багæлстонцæ.

Ахид нæ цæун, фал уæддæр ескæд еу æхсгæ уад никкæнун.



О, мæ бон, сау сикъитмæ куд фæххæстæг дæ, æма дин мæ бон куд неци æй!

Дæубæл сау тогтæ ка фелгъиста æма рæстуодæй ка байзадæй.

Дацци...

Дæ цæуæти цæуæт рæвдауни бæсти куййи бæдæлттæ ка рæвдауй.

Дацци... Ци дин кæнон.

Горæти бæрзонд хæдзари еу æхсæвæ ка нæ бухсуй.

Ци дин кæнон? Гъæуæй ка фертæстæй, æма гъæумæ над ка нæбал зонуй. Ци дин кæнон. Горæтæй гъæуи æхсæн ка фæдздзæгъæл æй.

Дацци... Фæрсис бабæй:

– Уæ хæдзарæ никкæлунæй тас нæй?

Корис ми:

– Минкъийти æндæмæ ма уадзæ: æвзеутæ исберæ æнцæ.

Дацци... Дæ нецæййаг фурт дæ горæти æ гъар авари æримиста. Де 'хсири хъуртт ин хæлар уæд!

## МЕ 'ЗНÆГТÆН

Знаг мин нæййес, фал мæ знагæн дарунцæ. Æма мæ кæд кадæртæ сæхецæн знагбæл нимайунцæ, уæд мин куд нæййес знæгтæ.

Ес мин, ес знæгтæ. Æма уæнтæ, æнæ знаг дуйне, дан, федаугæ дæр нæ кæнуй.

Мæ уодлæуууæн знæгтæ!

Уотæ, цæретæ, змæнтетæ, дæрæн кæнетæ. Æрмæст уи корун: ескæд бон мæбæл мæгури бон ку æркæна, мæ бони рохс ку æрхусса, уæд мæ уæлгъос æрбалæуууетæ, гормонтæ.

Æз ку нæбал уон, уæд уин уæ царди цидæр нæбал фагæ кæндзæнæй.

Хецмæрез æма гъомурун фестдзæнæй уæ алли сахат, гузавæ кæндзинайтæ:

– Уойбæсти ку цардайдæ, æнæ уомæй нæ цард зиндонæ ку фестадæй.

## БАЙЗАЙÆ!

Кæмæ бæллун æма кæмæй тæрсун – ма рандæ уо.

Ке уарзун æма мæн ка нæ уарзуй – а-дуйнебæл байзайæ.

Ма мæ уарзæ, ма мæмæ бæллæ, ма дзорæ, фал макæд рандæ уо.

Бафхуæрæ мæ, фесафæ мæ, фал байзайæ.

Ку байзайай, уæд мæнæн дæр æнцондæр уодзæнæй.

Ка 'й зонуй, æз ку нæбал уон, уæд уæлæбæл дуйней ду имисдзæнæ мæн. Æма дæмæ кæд уæд багъаридæ, дæуæн æгасемæй хъазардæр æз ке адтæн.

Макæд фæццо аци дуйнейæй.

Байзайæ цæргæ!

## ЗÆНХИ ДЗУАПП

Мæ арв!

Мæ зæнхæ!

Æз сумах дæн æма уæ зæрдæ ма сæййеветæ мæнбæл. Ма мæбæл рацотæ гадзирахаттæй.

Арв загъта:

– Ду, рæстæгон дæ мæ бунмæ.

Зæнхæ ба загъта:

– Нур дæр мæн дæ, ку нæбал уай, уæддæр – мæн. Еу тог, еу æстæг ан. Кæрæдземæй нин фæххецæн нæййес.

## ÆНАМОНД

Дæ гъæлæс:

– Кæми дæ?

Мæ гъæлæс:

– Дæ зæрди

Дæ гъæлæс:

– Ку нæ дæ æстæфун мадтæ?

Мæ гъæлæс:

– Æнамонд дæр уомæн дæн...



*прозæй финст æмдзæвгитæ. Е уой бæрæггæнæн æй, æма Саукуй ке исхизтæй исфæлдистади бæрзæндтæмæ, искурдиади хæзнадони къумамæ æхе дæгъæл ке иссирдта, уой æвдесæн. Минкъий радзурдтæй алкæбæл дæр хецæнæй æрдзорун æнгъезуй, фал уотæ нимайун, æма сæ алкедæр гъæуама æхуæдæг бакæса, сæ адгиндзийнадæй исахуада æма син аргъ искæна...»*



## ЗОНÆ...

Ду гъæрæй ку ходай, уæд кадæр ба кæугæ кæндзæнæй.

Æма 'й дæ зæрдæбæл дарæ.

Дæ цийнæ реуи фæйнæг æндæмæ ку хуайа, уæд æндæр кадæр ба мæстæй мæлдзæнæй.

Æма 'й дæ зæрдæбæл дарæ.

Абони ди ку неци реса, уæддæр, æвæдзи, исон дæумæ æрфестæг уодзæнæй рист дæр, маст дæр.

Æма 'й дæ зæрдæбæл дарæ.

Зонæ: авдæнæ кæми уа, кирæ дæр уоми æй.

Иронх ди ма уæд: зар æма гъарæнгæй конд æй нæ цард...

## ЛÆГИ ЦАРД

Æнгæртти æхсæн, кусти уæлгъос, адæми дæрæгъдзæгаймæ мæ имисуйнæгтæ сæхе кæми баримæхсунцæ, еунæгæй ку байзайун, уæдта рампурсунцæ, рампурсунцæ...

Сæ тумугъи бахаун æма мин æнцойнадæ нæбал фæддæттунцæ.

Мæ кæддæри рист, дæ гъæдгон фæййагайдта!

Мæ кæддæри уарзт, æригъал дæ нæуæгæй!

Ме 'сæфт бæлдæ, дæ кæрон мæнмæ идард кæцæйдæр фæззиндтæй!

Ферттивта!

Мæ евгъуд цард, имисун дæ, имисун!

Фæсмон цæбæл кæнон, е – фагæй фулдæр.

Ходгæ цæбæл кæнон – е дæр.

Кæугæ цæбæл кæнон – е дæр.

Цийнæ дæр, маст дæр – фагæ.

Имисуйнæгтæ, имисуйнæгтæ! Уæ разæй бабæй мæ ци искодтайтæ?

Æви мæбæл уæ зæрдæ ходуй?

Æма уæбæл мæ зæрдæ ку нецæмæй ходуй, æз уи ку нецæмæй гъаст кæнун.

Æппундæр, нецæмæй.

Сумах цæрайæй цæрун...

## КÆМИ ЦÆРИС, ЗÆРБАТУГ?

Адæймаг хæларзæрдæ 'й æви нæ? Æвеппайди зин базонæн æй. Æз ба 'й базонун æнцонтæй!

Кæд уалдзæги зæрбатугтæ дæ хæдзари æрцæронцæ, уæд дæ зæрдæ хæракетæй. Зæрбатуг хæларзæрдæ адæймаги хæдзари аразуй астъонæ.

## ЗАГЪТА ЗÆНХÆ...

Фæрсетæ мæ: цæхгун цæмæн дæн?

Дзуапп уин дæттун: Адæми хедæй, адæми тогæй.





## БÆЛАСИ ГЪАСТ

Дуйне – цæргæ-мæлгæ æй. Æма æз дæр зудтон еу бон мах кезу дæр æрцæуддзæнæй...

Æрцудæй, цæрунгъæуагæй фæрæти комбæл бахаудтæн. Бундзарæй мæ ракалдтонцæ.

Хæдзари хецау мæ еуæрдигæй замманай авдæнæ искодта, иннердигæй ба – кирæ.

Мæ цард-цæрæнбонти мулдзуги зæрдихудти дæр ку некæд бацудтæн, уæд мæ уотæ хъæбæр цæмæн бафхуардтонцæ?

Мардæй дæр мæ уæлæбæл байзайун фæндæ адтæй, уæлæбæл басодзун. Мæнæн ба ме 'мбес дуккаг хатт рамардтонцæ æма зæнхи буни фæцæй.

Кæмæн ци кодтон?..

## ИЗÆР

Хор æ нивæрзæнбæл æркъолæ 'й.

Фæхххуссуй бони рохс.

Цæун сахари устур гъæунгти æма цæбæлдæр тухсун. Нæ, изæр уотæ нæ райгуруй, изæр уотемæй нæ фæззиннуй дуйнемæ. Æз æй æндæр хузи бадардтон мæ зæрдæбæл, æндæр хузи 'й ниввардтон мæ уоди...

Изæр... Хор æ нивæрзæнмæ фæттолуй.

Бони рохс нуртæккæ æрхусдзæнæй.

Фал изæр нæма 'й. Изæр гъæуама гъоцитæ сæ сиутæбæл æрбахæссонцæ ругæйдзаг гъæунгти. Изæр гъæуама сиутæбæл резгæ æрбацæуа, æмбохула кæна æхсири хуæрзтæф æма алæмæти музыки изæлтæмæ.

Сувæллони игон губунбæл нæуæг дугъд уорсаги æртæхтæ æрфæд кæнунцæ, кадæр бæгæни фица, кæцæйдæр фæрæти къупп-къупп игъуса, кедæр кæрдзин фунук-цæхæри басодза...

Цæун устур сахари гъæунги æма цæбæлдæр тухсун...

## ГЪÆДГИН ГАДЗИРАХАТ

Мæ гъæдгин æрфæлмæн æй, æрбадтæй.

Мæ гъæдгон æхсæвигæнтти уотæ ахид нæбал рæхуайуй, нæбал ресуй.

Зæрдæ, дан, фиди морæ, рæстæг ба алцидæр дзæбæх кæнуй.

Фал рæстæг алци нæ дзæбæх кæнуй.

Лимæни – комидзаг, æрдхуарди гадзирахат цæрæнбонти носæй байзайуй. Еци нос, еци рист иннетæй берæ уæззаудæр, берæ арфдæр, берæ æнæхатирдæр æй.

Æрдхуарди гадзирахат тар гъæди толдзи бæласæ æд къала хъан кæнуй. Нæ ин ес хуасæ. Нæдæр рæстæгæй, нæдæр дзæм-дзæми донæй, нæдæр уоди хуасæй.

...Уæддæр мæ зæрдæ æрфæлмæстæй, æртадæй. Нæ, мæхе сайун! Ресуй, додуй, гъæрзуй... Уотæ арæх нæбал, уотæ бундзарæй нæбал... Гъæрзуй уæддæр.

Лимæни гадзирахаттæн нæйййес дзæбæх кæнæн.

Абони уæнгæ ин зæрдæ неци ма хуасæ иссирдта.

## ДÆ КЪÆРАЗГÆ

Цард стъалуйау мæмæ æрттивта дæ къæразгæ. Скъафта мæ, сайдта мæ, худта мæ æхемæ.

Æрмæст æз некæд фæууидтон дæу къæразгæй кæсгæй.

Æвæдзи мæмæ не 'нгъæлмæ кастæ.

Дæ къæразгæ...

Æхсæви мин мæ над рохс кодта, бонæй мæ зæрди талингæ къумтæ.

Уæддæр дæ некæд фæуидтон къæразгæй кæсгæ. Нæ мæмæ кастæ æнгъæлмæ.

Базудтон æй нур.

Дæ къæразгæй нур æндæр цæппоплæппо фæккæсуй алли сæумæ.

Мæ зунди ба байзадæй:

Гъар уарун. Дæ къæразгæ. Æртæхтæ авгæбæл цæстисугтæй лæдæрсунцæ.

Фæлгæти – дæ сорæт. Æндæмæ æнкъардæй кæсис. Дæ цæститæ агорунцæ, æз ба кæмидæр бадзебæл дæн. Уарун мæ нийййахæста. Уарзагæ зæрди хъæл фунтæ!..

Дæ къæрæзгæ...

## ГЪУДИ

Цъæх-цъæхид æнгозæ бæласæй бор сифæ ратахтæй, æма æвзонг кæрдæги цæстихаутæбæл æрхустæй.

Цума иннæ сифтæрти разæй цæмæн базæронд æй? Сæ мастæй? Сæ уарзтæй? Ка ин ци зонуй...

Æвæдзи, адæм еумæ куд нæ зæронд кæнунцæ, сифтæртæ дæр уотæ.

Ка 'й-цъæхæй рæгъæд, ка ба зæри бонмæ цъæхæй рæгъæдæй байзайуй.

Абони сæумæраги цъæх æнгозæй еу бор сифæ фæгъгъудæй.

## КÆРДЗИН

Гъæуæй горæтмæ кæрдзин исластонцæ. Нартихуари кæрдзин кæстæрти зæрдæмæ нæ фæццудæй. Хъæбæр, дан, æй, уæдта æнадæ.

Мæнæн ба хъурмæ мæ уолæфæнтæ рахгæдта. Дзорун нæбал зудтон. Цæстисугтæ мегъæбастæй æрæнцадæнцæ зæрди уедæгтæбæл.

Кæрдзин... Куд некебал гъæуй, уотемæй ба куд адгин æй адæймагæн. Кæрдзин æма пурусай æууæрцъæ. Кæрдзин æма къæпуй месин. Гъар кæрдзин æма нæуæгдугъд æхсир.

Кæрдзин... Мах Ири къæсæй дуйней цæстæмæ ка рауагъта.

Кæрдзин... Кæд дæу ке нæбал хуæрæн, нæ ирон тог дæр уомæн ислæмæгъ æй?

Кæрдзин... Кæд дæу ке нæбал хуæрæн, кæрæдзей дæр уомæн нæбал лæдæрæн?

Кæрдзин... Гъар нартихуари кæрдзин...

## ИРИ ЗÆНХÆ

Нæма бастадтæн. Мæ бауæри мæ æхседгæ хъаурæ мæмæ ес нурма. Нифс дæр. Ци рацардтæн, еу уойиасæ ма цæрун фæндæ кæнун.

Фал мæ мабал хонетæ, дæргъ нæдтæ, уæ балци! Кенæ ба и дæргъ балцийæй ку æриздæхун, æма мæ хуарз æмгæрттæй еске ку нæбал исæййафун, уæд мæмæ уотæ фæккæсуй, цума æ цори ке нæ адтæн, е ин фæттагъд кодта æ мæлæт. Цума фурæрхунæй раскъудæй æ зæрдæ.

Мабал мæ хонетæ, дæргъ нæдтæ, мабал...

Кенæ ба ескæми ку фæуун, уæд мæхе зæрдæ дæр фæцæйирайуй. Мæ Ири зæнхæ, мæхе еунæг къурфæ Иристон уотæ хъæбæр фæимисун, æма мæ цард нæбал фендавуй. Æгас дуйнети арв мæмæ цъеуи цæстæй фæккæуй.

Æма æгæстæй дæр, мæрдтæй дæр нæбал фæуун.

Мабал мæ хонетæ, дæргъ нæдтæ, мабал...

## МÆ НАДАМОНÆГ

Цæудзæнæн бабæй идардмæ.

Надихарз мæ берæ нæ гъæуй.

Хæссунæн рæуæг – Иристони арв.

Хуæрунæн адгин – Иристони уæлдæф.

Ме 'донуг сæттæг уорс бæрцæ æхсæрдзæн.

Мæ уодбæл хуæцæг Сæнай хонх.

Мæ надамонæг – ири къурфæ.

Цæудзæнæн бабæй идардмæ.



## ХУАРЗ МА РАКÆНÆ...

Хуарз ма ракæнæ æма фуд ма иссерай...

Æргъæй нæ – айнæг дорæй амад æмбесонд.

Кæддæр ба мæмæ куд æнæраст кастæй. Е 'ргъудигæнæги хæццæ æппундæр нæ арази кодтон. Кастæй мæмæ хæранзæрдæ æма æнæхатир.

Нур мæ кари бацудтæн æма зæгъун:

– Макæд фесæфæ, игурд æмбесонд!

– Цæмæннæ зæгъун уотæ?

– Хуарз ракодтон æма фуд иссирдтон.

Еу хатт нæ – берæ хæттити.

## ЗÆНХÆ ÆМА АДÆЙМАГ

Куд æвæрцуг æма ниллæг дæ, зæнхæ! Гали цæсти асæ – дæ цæуæнтæ, дæ хæтæнтæ.

Куд устур æма æнæкæрон, адæймаг!

Дæ зæрди къумтæ – æведуйгæ, мин анзи дæр сæ нæ фæуууодзæнæ агурд.

Зæнхæ æма адæймаг, адæймаг æма зæнхæ!

Уарзетæ кæрæдзей æма уæ рази дуйнети дуйне æ уæргутæбæл лæудзæнæй.

Æностæмæ!

***МАЛИТИ Хасан, публицист, финсæг: «Æгъузарти Саукуй... Нæ национ журналистики рæстуодæй хъазауатгæнæг зеууон, æ алдæнбид дзубандити газеткæсгутæй алке зæрдæ дæр кæмæн агайдта, нæ маддæлон æвзаги алæмæти дæсни. Æхе лæдæрунгъон ку фæцæй, уæдæй фæстæмæ æ царди фæстаг бонмæ æ зæрдæ не 'сæйййивта æ равзурст дæсниадæбæл – газети фæрци адæммæ хаста æ арфи дзурд, æ фарни дзурд, æма уомæй гъæздугдæр кодта нæ алке меддуйне дæр – Саукуйæй***


Æхсæнадон архайæг, публицист МÆРЗОЙТИ Тазæрети фурт Сергей æма ÆГЪУЗАРТИ Саукуй.

# НÆ ХЪИАМÆТТИ ÆХСÆВÆ-БОН НÆ ЗУДТАН...

*МÆРЗОЙТИ Сергей æма ÆГЪУЗАРТИ Саукуй... Аци дууæ курухон лæги рагæй зудтонцæ кæрæдзей. Еумæ кустонцæ газет «Дигори» редакций дæр. Æмзунд æма æмархайдæй кæрæдзей нимадтонцæ, кæрæдземæн аргъ кодтонцæ. Цалдæр анзей размæ Сергей е 'цæг дуйнемæ бацудæй. Æма уæд нæ редакций коллективи номæй некролог дæр Саукуй бацæттæ кодта. Æма си уотæ финста:*

*«...Æ цæсгонæй ци рохс калдæй, ке хæццæ цардæй, уонæмæ æ зæрди ци уарзондзийнадæ хаста, е дзиллитæн тæмæсагæй байзадæй. Бийнонтæн, ахилæн – ходгæ хор, синхæн – æвæлмæцгæ æма æнæрайййевгæ синхон, гъæубæстæн – цирагъдар, ездон, дзурддзæугæ, нифси мæсуг. Æнæмастдæр адæймагæн æргъудигæнæн дæр нæбал адтæй. Æ фæлмæн цъухи дзурдæй æлхæдта алке зæрдæ дæр, над иссеридæ алкæмæ дæр æма цубур рæстæгмæ æхе бауарзун кæнидæ. Æма абони Мæрзойти Тазæрети фурт Сергейи æ фæстаг балций ку фæндараст кæнунцæ, уæд дзиллæ сах кæсгæ байзадæй, дзиллæ æ цæстисуг нихъуæрун нæбал фæразуй, дзиллæ æгомугæй лæууй æ мæрдуадзи. Хуæрзбон зæгъунцæ зæрдхъурмæй сæ уарзон адæймагæн, сæ цæугæ хонх, сæ лæугæ мæсугæн.*

*«Дигори» редакций косгутæ, Мæрзойти Сергей æ царди фæстаг бонти уæнгæ ке хæццæ фæккуста, æ цæнхæкъæбæр ке хæццæ хуардта, етæ ибæл уæлдай хъæбæрдæр ресунцæ, уонæн уæлдай фулдæр æй сæ рист. Уомæн æма Сергей ке нæ барæвдудта, кæбæл нæ бауозæлдæй, ке цийнæй, ке мастæй хай нæ райста, еу уæхæн нæбал байзадæй. Адтæй не 'ндæмæ давæн, нæ курухон хестæр, нæ зундамонæг.*

*Дæ царди медæгæ макæд маке зæрдихудти бацо, макæд маке бафхуæрæ, зин макæмæн искæнæ – цæйбæрцæ хъаурæ, цæйбæрцæ бухсундзийнадæ гъæуй уоми! Æма еци хъаурæ, еци бухсундзийнадæ кæронмæ фæххаста Мæрзойти Сергей, ахургæнæг, æхсæнадон, партион косæг, журналист æма хумæтæги дигорон лæг...»*

***Æ рæстæги Æгъузарти Саукуй æ хæццæ берæ ахсгиаг гъуддæгутæбæл фæдздзубанди кодта. Æма уæ абони еци æрмæги хæццæ зонгæ кæнæн.***

**– Сергей, зæгъай нин, ци æма кудæй багъуди кодтай Устур Фидибæстон тугъд дæ фиди зæнхæбæл?**

– Устур Фидибæстон тугъди фæдбæл берæ киунугутæ æма уацтæ финст æрцудæй, кинонивтæ ба – æвдист. Фал ма си уæддæр, мæнмæ гæсгæ, берæ гъуддæгутæ æма хабæрттæ 'нцæ «римæхст», гъома, æнæбæрæг.

Тугъд берæ бæлæхтæ æрхаста нæ советон бæстæ æма адæмæн, растдæр зæгъгæй ба еугур дуйней адæмтæн, уотæ нæ минкъий Иристонæн дæр. Куд зонæн, уотемæй нæ республикæй фронти архайдта 90 мин адæймагей бæрцæ. Уонæй фæммардæй æма æнæбæрæгæй фесавдæнцæ се 'мбесмæ хæстæг. Фашисттæ нæ республики еу хай байахæстонцæ, фæцæнцæ си айдагъдæр дууæ мæйи, 1942 анзи октябри кæронæй 1943 анзи январи фиццаг бæнттæмæ. Еци цубур рæстæги дæр рамардтонцæ 500 нæ сабурцæрæг адæмæй. Адæмон хæдзарадæн ци устур зиантæ æрхастонцæ, уони ба нимайгæ дæр нæ кæнæн.

Тугъди райдайæни мæбæл цудæй 13 анзи. Ахур кодтон 6-аг къласи. Нæ гъæуи цардæй 9 хæдзари, цæргути нимæдзæ – 73-76 адæймаги. Уонæй фронти архайдта 16.

22 июни мæ фиди æнсувæри фурт Морати хæццæ еу минкъий уати уогæй сæумæцъæхи æвеппайди фегъал ан нæ мадтæлти æма хуæрти хæкъурццæй кæунмæ. Гъоцитæ доцгæй син фидбилизи хабар ракодта нæ районитæрхондони тæрхонгæнæг Къесати Асланбег, захъайаг, (мах гъæуи цардæй, тæрхондонæ дæр уоми адтæй). Уой фæсте куд фегъустан, уотемæй Асланбег æхуæдæг дæр тугъди фæммардæй. Мах, æригон фæсевæд, ахур кодтан скъолай. Нæ зæронд фидтæлтæ æма мадтæлтæн дæр агъаз кодтан, сæ хæццæ кустан колхози. Кæд хуасдзау лæгбæл нимад цудæнцæ æма хуасæ кæрдун райдайиуонцæ 16-17-анздзудæй, уæд мах мацæвæг нæ къохмæ райстан 12-13-анздзуд биццеутæй.

1942 анзи фæззæги немуцаг фашисттæ æрбахъæрттæнцæ Кавказмæ. Рæстæгмæ оккупаций бахаудтæнцæ Ирæфи, Дигори, Æрæдон æма Алагири районтæ. Мах цардан Дигоргоми Мæхчески районы. Уордæмæ немуцæн над æхгæд адтæй.

**– Мадта си сурхæфсæддонтæй неке адтæй?**

– Адтæй, берæ. 37-аг Æфсади хæйттæй. Фашисттæ фæлтæрæнтæ кодтонцæ хуæнхти сæрти æфцæгтæбæл Фæскавказмæ бахезун, фал син лæвæрд цудæй аккаг нихкъуæрд. Чиколайæй исæмпурстонцæ Æхсæрисæри бунмæ. Сурхæфсæддонтæ сæбæл дзармадзантæй никкалдтонцæ гъæди хурфæй, фашисттæ ледзæги фæцæнцæ, цалдæр машини пурхæнтæй фæууадзгæй.

**– Ци кустонцæ еци рæстæги медбæстон адæм хуæнхбæсти?**

– Устур ахедундзийнадæ адтæй æфцæги сæрти машинтти над бакъæрт кæнун Мæхческæй Садонгоммæ. Гъуди ма 'й кæнун хъæбæр хуарз, мах хæдзари цардæй комиссар (политрук) хестæр лейтенант Николай Пищелев (сахар Горькийæй). Е æхсæвæ рамбурд кодта æфсæддонти, сæумæй раги ба æд косæндзаумау (къахæнтæ, ломтæ, белтæ) балæудтæнцæ Гъевони æфцæги (Уæллагкомæй Згиди 'хсæн) æма къæрт кæнун байдæдтонцæ над. Сæ хæццæ æмхузонæй кустонцæ бунæттон адæм. Сауæнгæ силгоймæгтæ дæр. Куст цудæй комæн æхе медæгæ дæр. Федар кодтонцæ гъæдин хедтæ. Над арæзт фæцæй цубур рæстæгмæ (дууæ къуæремæ). Уобæлти цæун райдæдтонцæ уæззау машинтæ æд æфсад æма хуæцæнгæрзти хæццæ фронтмæ. Силгоймæгтæй уæззау куст кæнун ке бон нæ адтæй, етæ ба æхсæвæй-бонмæ æвæлмæцгæй цæттæ кодтонцæ сурхæфсæддонтæн гъар уæледарæс, уони галуæрдунтæй хъæртун кодтонцæ Æхсæрисæрмæ.

**– Дæхуæдæг æма де 'мгæрттæ ба ци кустайтæ?**

– Ку загътон æй уæлдæр, ахур кодтан скъолай. Каникулти рæстæги ба зилдан колхози фонс æма тиллæги æвзартæмæ. Карстан хуасæ, æмбурд кодтан хуартæ, къахтан картоф, ластан нартихуар галуæрдунтæй паддзахадон къæбецтæмæ.

1942 анзи зумæги мæйти нæмæ цардæй цалдæр урусcаг тугъдон кизги. Уони хæццæ мæ бафтудæй политрук Н. Пищелев æма нади билтæбæл лигъзфарс устур дортæ æма фæйнæги хузæн тъæпæн айнæг къæдзæхтæбæл финстан лозунгтæ: «Вперед на Запад!», «Смерть немецким оккупантам!», «Немецкий плен хуже смерти», «За Родину, за Сталина!», «Боец! Чем больше ты убьешь фашистов, тем ближе Гитлеру конец!» æма уотæ идарддæр. Еци нæдтæбæл æхсæвæй-бонмæ Фæскавказæй цудæнцæ фронтмæ сурхæфсæддонтæ. Мах хæдзари сæхецæн æрбунат кодтонцæ цалдæр партизани, сæ хæццæ нæхе æрвадæ Мæрзойти Темурци. Тугъди размæ куста Уорсдони (Дигори районы) колхози сæрдарæй. Æз син агъаз кодтон, куд кæстæр, уотæ цомайæн. Будури гъæутæмæ ахид цудæнцæ æсгарæни. Мæн сæ хæццæ райсиуонцæ. Саугъæди æрдозти колхозти фонсдарæн фермити мæ ниууадзиуонцæ сæ бæхтæ гъæуай кæнунмæ, сæхуæдтæ ба Сурх-Дигорæ, Дур-Дур, Къора, Уорсдон æма æндæр гъæутæй хастонцæ хабæрттæ, бæрæг кодтонцæ немуцæгти змæлд æма тохæндзаумау. Еци хабæрттæ ба игъосун кодтонцæ 37-аг Æфсади штабмæ (адтæй Кæлухи гъæуи).

**– Сергей, уæд ма хуæрз æригон уогæй, куд æндиудтай еунæгæй тар гъæди?**

– Барæй-æнæбари. Раст зæгъгæй, хъæбæр тарстæн. Фал мин Темурци зæрдитæ райвæридæ: ма тæрсæ, немуцæгтæ, дан, гъæдæмæ цæун не 'ндеунцæ, зæгъгæ. Уомæй мæ зæрдæ фæффедар уидæ. Уæдта берæ хæттити дæр нæ адтæн сæ хæццæ – дууæ-æртæ хатти.

**– Тугъди фæуун дæ кæми æрæййафта?**

– Силтанухъи. 1945 анзи мартъий мæйи нæ бийнонти зин уавæртæмæ гæсгæ скъолай мæ ахур ниуугътон. Райдæдтон колхози хигъдхæссæгæй косун. Итудтан ма нартихуари фæстаг гектартæ. 9 майи нæмæ Чиколайæй Ирæфи районы секретарь Хъойбай-фурт бæхбæл фæззиндтæй æма нин фегъосун кодта: «Тугъд фæцæй, Уæлахез райстан!» Еци æхцæуæн хабар фегъосгæй, силгоймæгтæй беретæ сæ цæстисугтæ нæ бауорæдтонцæ, ставд фæрдгутæй æгъзалдæнцæ сæ ростæбæл, уæлдайдæр фронтæй сау гæгъæди ка райста, етæ.

**– Тугъди рæстæги дæмæ æфсадмæ нæ фæдздзурдтонцæ?**

– Æз дæр, ме 'мгæрттæ дæр фронти нæ архайдтан. Фал куд загътон, уотæ æригæнттæ минкъий байвæрæн нæ бахастонцæ не 'стур Уæлахезмæ. Промышленнон кустæтти ку нæбал фагæ кодта косгутæ, уæд уæзæ ранцадæй æригæнтти усхъитæбæл. Зæгъæн, сахар Дзæуæгигъæуи завод «Стеклотара»-мæ косунмæ бацудæнцæ 15-16-анздзуд кизгуттæ æма биццеутæ. Æригæнттæн уæлдай хатир нæ адтæй нецæмæй, кустонцæ æхсæвæй-бонæй хестæрти æмбæрцæ – дугай, кæми ба æртигай сменити. Ахид сæ хæдзæрттæмæ дæр нæ цудæнцæ, бафунæй уиуонцæ се станокти уæлгъос. Зурнæйзелгутæ, слесæртæ, фрезировщиктæй аци заводи кустонцæ айдагъдæр ремесленнон училищети рауагъдонтæ. Садони шахти, колхозтæ æма совхозти æригæнттæ райййивтонцæ хестæрти – фронтмæ ка рандæй, уони. Ахид цудæнцæ фæскомцæдесон-фæсевæдон бригадитæ æма звенотæ. Ерис кодтонцæ фронтмæ фулдæр тохæн æрмæг æма хуайраги продукттæ рарветунбæл. Фæсевæд æвæлмæцгæй æнхæст кодтонцæ парти æма хецауади фæдздзурд «Алцидæр фронтæн, алцидæр уæлахезæн!» Æригæнтти къохæй фронтмæ æрвист цудæнцæ бомбитæ, снарядтæ, гранæттæ, рæмодзæн æрмæг, уæледарæс, хуайраг. Мæнæн дæр мæ хъазауатон кусти туххæй лæвæрд æрцудæй «Устур Фидибæстон тугъди 1941-1945 æнзти хъазауатон фæллойни туххæй» майдан, æндæр хуæрзеугутæ.

Тугъд макæдбал уæд, маке бал æй бавзарæд нæ фæсевæдæй, фал уæлдæр ранимад хабæрттæ ба син æнцæ, æнæмæнгæ, зонуйнаг æма аргъ кæнуйнаг.

*Дзубанди ниффинста*
***ÆГЪУЗАРТИ Саукуй.***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, финсæг Хъайттати Тотурбеги фурт Сергейи райгурдбæл 25 октябри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1918-2010).**

*хуæздæр æма аййевдæр некæмæн адтайдæ æ исарæзт фæлгонц, Саукуйæй растдæр дзубанди неке ракодтайдæ хумæгæнæги туххæй, Саукуйæй бæлвурддæр неке равдистайдæ хуæнхаг фиййауи уæззау фудæбæнттæ, Саукуйæй зæрдæмæгъаргæдæрæй неке загъдтайдæ зингхуст тугъдонти риствæллад ниййерæги хъисмæти тухххæй. Саукуй агурдта, нæ царди хуарзæй æма фæнзуйнагæй ци ес, уони, æма сæ хъазар хæзнай хузæн хаста нæ адæми фарни фингæмæ.*




ГЕЦАТИ Афæхъо æма æ цардæмбал Настя сæ кæстæри хæццæ.

# ЦИТТГИН Е ÆЙ, Æ ЗÆНХОН ИХÆС КА БАФЕДУЙ РÆСУГЪДÆЙ...

Гецати Афæхъой цард дæлæмæ дæр æма уæлæмæ дæр ку рабарай, уæд æрцæудзæнæ еу гъудимæ: «Ци бон райгурдæй, еци бонæй фæстæмæ лæги ном рæсугъдæй фæххаста, рæсугъдæй фæццардæй адæми хæццæ, рæсугъд ном ниууагъта уæлæбæл дуйней». Æма кæд уарзонæй, хæларæй, рæстæй ци уарзон дзиллити 'хсæн фæццардæй, уонæн фæстаг хуæрзбон æхсæрдæс анзей размæ загъта, уæддæр æй абони дæр имисунцæ, уомæн æма æ зæнхон царди ниууагъта æцæг лæги фæд, ниуагъта бийнонтæн, синхæн, гъæубæстæн æ рохс ном, æ федар нифс æма хъаурæ. Цуппæрдæс æма æртинсæй анзей дæргъи царди арф денгизи лæгау фæннакæ кодта, зин сахатти дæр, цийни усми рæстæг дæр æ сæрмæ æгадæ некæд æрхаста, некæд фæккиудтæй æ равзурст надæй, кадæ æма радæй фæццудæй кæронмæ дæр. Æ цардæй ин æрхæсдзинан еуцалдæр цауи.

1941 анзи 21 июни æхсæвигон 69-аг танкити полкки радгæс, фестæг æфсæддон училищей æзиниккон курсант, лейтенант Гецати Афæхъо штабæй райста уæхæн бардзурд: «Полкки командир тагъд æрбадзорæд штабмæ!» Афæхъо гъудити бацудæй: «Командир æма штаби хецау ардигæй æхсæвæ æнафони ку рандæнцæ, уæд сæ уотæ тагъд цæмæн агорунцæ?» Цидæр адтæй, уæддæр телефонæй командирмæ бадзурдта, е хуссæгигъæлдзæгæй цидæр бахъур-хъур кодта. Минкъий фæстæдæр нæуæгæй райгъустæй телефони зæлланг, Афæхъо хæтæл исиста æма фегъуста: «Тугъд райдæдта, фашистон Германи нæ бæстæмæ æрбампурста. Командир æвæстеуатæй полкмæ фæззиннæд!» Уотæ райдæдта Гецати Афæхъой æфсæддон афицери цард. 22 июни бони дуккаг æмбеси полк еугурæйдæр Нигулæнмæ ниннæхстæр æй. Над Новгород-Волымский-Ровной айдагъ танкити полк нæ цудæй фронти æрдæмæ, фал гарнизони иннæ æфсæддон хæйттæ, æнæуой ледзæг адæм. Арвбæл фæззиндтæнцæ знаги хуæдтæхгутæ, бомбитæ ехуарæгау никкалдтонцæ æма над уайтæккæдæр зиндонæ фестадæй. Мæрдтæ исахид æнцæ, зæнхæй дæр, уæлдæфæй дæр гъæуайгонд ка нæ цудæй, еци æфсæддон хай æма лигъз адæми 'хсæн. Ровной бунмæ ци уæззау тугъдтитæ цудæй, уоми июни мæйи кæрони Афæхъо уæззау цæф фæцæй æма 'й дзæбæх кæнунмæ рарвистонцæ фæскъилдунмæ. Ку исдзæбæх æй, æхебæл ку фæххуæстæй, уæд бацудæй 83-аг æхсгути полкмæ, уордигæй ба курсантти роти командирæй Бакуй æртиккаг фестæгæйцæуæг æфсæддон училищемæ. Фæстæдæр æхсгути бригади тугъдонти хæццæ Афæхъо бæгъатæрæй хуæстæй Семашхи знæгти къуари нихмæ, фæццæф æй æма бахаудтæй Еревани госпитæлмæ. Ами æ цæфтæ æрæгæмæ дзæбæх кодтонцæ æма 1943 анзи æфсæддон къамис Гецати Афæхъой нæбал бауагъта тохун. Æ реубæл Фидибæсти фиццаг къæпхæни, Сурх Стъалуй дууæ ордени, берæ майдантæ, уотемæй исæздахтæй Ирæфи районмæ, косунмæ бацудæй æфсæддон комиссарадæмæ фиццаг инструкторæй, уæдта майор Гецати Афæхъо уорæд æрцудæй æфсæддон комиссарæй. Советон Æфсади рæнгъитæн цæттæ æма гъомбæл кодта нифсхаст, æндиуд æма арæхстгин тугъдонтæ, Райгурæн бæсти æцæг фурттæ. Æма айдагъ уони нæ, фал æхецæн ци цуппар фурти исæнтæстæй, уони дæр æ цардæмбал Гацолати Настяй хæццæ раст надбæл аразун гъудæй, ахурмæ дæр, кустмæ дæр тулаваст куд уонцæ, уобæл дууемæй дæр сæ уодтæ гъардтонцæ. Афæхъо æма Настяй цæуæт еугуремæн дæр фæнзуйнаг рауадæнцæ. Хестæр Анатолий спортмæ æмхиц адтæй, ахурмæ бæлдтæй, институти фæсте куста ахургæнæгæй, нуртæккæ 'й нæ республики физкультурæ æма спорти æскъуæлхт косæг, Дзæуæгигъæуи фарæстæймаг лицейи нимад æй дæсни ахургæнæгбæл. Дуккаг фурт Валерий равзурста æ фиди дæсниадæ. Чиколай астанзон скъола ку фæцæй, уæд бацудæй Орджоникидзей уæлдæр æфсæддон училищемæ, уой фæсте – Мæскуй М.В. Фрунзей номбæл æфсæддон академимæ. Хуæрзæригонæй райста болкъони ном, службæ кодта Чехославакий, Идард Искæсæни, Фæскавкази, адтæй фæсарæнти дæр – æнхæст кодта интернационалон ихæс. Хонсар Иристони ци фидбилизтæ æрцудæй, уоми активонæй архайдта, еу рæстæги адтæй Хонсар Иристони президенти агъазгæнæг æфсæддон ханхæбæл, нуртæккæ ба 'й дууæ парламентей минæвар, косуй Цæгат Иристони Хецауадæ æма Президенти бæрни. Æй уæгъдебарæ гъæбесæй хуæцунæй ССР Цæдеси спорти мастермæ кандидат.

Славик ахур кодта Хетæгкати Къостай номбæл университети фæсарæйнаг æвзæгти факультети. Берæ рæсугъд гъудитæ имæ бæргæ адтæй, фал ибæл æвзонгæй хъисмæт гадзирахаттæй рацудæй – надбæл цæугæй аварий бахаудтæй æма æверхъауæй фæммард æй.

Бийнонти кæстæр Ермак райста хузæкæнуни дæсниадæ. Кæми косуй, кæми архайуй, уоми æй фæнзуйнаг, дæсни косæг. Афæхъой фуртти фурттæй дууæ 'нцæ æфсæддонтæ, сæ еу майори цини, иннæ ба – капитан.

Гецати бийнонтæ сахармæ ку islигъдæнцæ, уæд Афæхъо кустмæ бацудæй завод «Топаз»-мæ æма дæс æма инсæй анзи фæккуста парткоми секретарæй. Пенсимæ ку рацудæй, уæд æ рагон бæллец æнхæст кæнунбæл ниллæудтæй. Дигоргоми ци муггæгтæ цæруй, етæ ами кæд æма кудæй æрцардæнцæ, куд равзурстæнцæ, еци фарстатæбæл киунугæ ниффинсун. Валерий, цит, æфсадæй отпускæй ку исæздæхидæ, уæд имæ Афæхъо ниуурдуг уидæ:

– Биццеу, хонхмæ мæ ку бадависæ, æхсицгон гъуддаг мæ ес.

– Медбон фæстæмæ раздæхдзинан?

– Нæ. Еу къуæрей æмгъудмæ уæддæр.

– Уойбæрцæ рæстæг мин нæййес. Ласун дæ, фæстæмæ ба къуæрей фæсте автобуси æрцæуæудзæнæ.

– Хуарз, цæттæ дæн æз.

Гъæуæй-гъæумæ, комæй-коммæ фæззелидæ Афæхъо, хестæртæй ке игъуста, уони лæмбунæг ниффинсидæ, никки æма сæ никкидæр исбæлвурд кæнидæ æма сæ газетти, журналти рауадзидæ. Мæнæ сæхе муггаги тухххæй куд финсуй: «Равзурдæй Мæхчески гъæуи Дзайнухъти муггагæй. Сæ фиццаг фидæ Дзайнухъти Дзайнухъ – æлдари дуккаг (номбæлуоси) фурт Геца. Дзайнухъ æлдари уосæ, Гецай мади муггаг кæмæй адтæй, уой ба абони дæр бæлвурдæй неке зонуй. Муггаги хестæртæй сæ еуетæ дзорунцæ, зæгъгæ, адтæй Задæлески гъæуккаг Бæзити кизгæ, дигорон, иннетæ ба 'й хонунцæ цæцæйнаг кизгæ. Еци кизги, дан, е 'нсувæри хæццæ Бæзитæ радавтонцæ еу цæцæйнаг гъæуæй æма сæ сæхемæ Задæлески гъæуи исгъомбæл кодтонцæ.

Цидæр адтæй, уæддæр Гецати муггаги фиццаг фидтæл Геца адтæй Дзайнухъти муггагæй, уонæмæ исгъомбæл æй, ислæг æй, уонæн æ мади хæццæ ихуæрсти хузæн кустонцæ, цалдæн фæразтонцæ, уæдмæ, уæдта Дзайнухътæй рахецæн æнцæ æма цардæнцæ хецæн хæдзарæй Мæхчески гъæуи. Геца æ мади хæццæ Дзайнухътæй хуарз царди тухххæй нæ рахецæн æй, фал нæбал фæразта сау куст кæнун æгадæй. Хецæн ку кодтонцæ, уæддæр ин сæ мулкæй хай нæ равардтонцæ, æма уæд Геца загъта: «Сæ мулк дæр мæ нæ гъæуй, мулк мæхуæдæг искæндзæнæн, сæ муггаг дæр мæ нæ гъæуй, мæ муггаг мæхе номбæл хæсдзæнæн». Æма куд загъта, уотæ бакодта. Уæдæй фæстæмæ Геца, æ цæуæт, æ фæлтæртæ хæссунцæ Гецати муггаги ном».

Дигоргоми алли муггаги тухххæй дæр бæлвурдæй финст æрцудæй, фæззилдæй сæбæл хонхæй-будурæй кæмидæр æ бон адтæй, уомити. Æрæмбурд кодта киунугæн гъæздуг æрмæг, фал æ рауадзун ба æ къохи нæбал бафтудæй. Айдагъдæр дæс анзей размæ æ фурт Валерий, уæдта поэт Скъодтати Эльбруси фæрци фæууидта дуйней рохс «Дигори коми муггæгти равзурд» хецæн киунугæй.

Æвæдзи, Афæхъой берæ æнзти хъиамæттæн аккаг хузи аргъгонд нæма æрцудæй, е нæ, фал ма кадæртæ фаутæ дæр æвæрунцæ, аййеппитæ хæссунцæ киунугæмæ. Кæд киунуги рацуд æхуæдæг нæбал фæууидта, уæддæр сæ раздæр мухури ку рауадзидæ, уæд сæ æз дæр бакæсинæ æма нæ еу фембæлди Афæхъойæн гъазгæй уотæ ку зæгъинæ: «Дæ Хуцауи хатирæй, Дигоргоммæ кæми ци тоггин адтæй, уони ци æрæмбурд кодтай?» Афæхъо зæнхæмæ берæ фæккастæй, уæдта æнкъардæй уотæ зæгъуй: «Мæхецæй сæбæл неци бафтудтон. Синхæй-синхмæ, гъæуæй-гъæумæ, комæй-коммæ ци фегъустон адæмæй, уой ниффинстон». Æма Афæхъой киунугæ абони стъолбæл даргæ ке исæй, уой нæхе цæститæй уинæн. Æ фурт Валерий ба гъуди кæнуй: «Мæ фиди киунугæ дуккаг хатт геппи уадзун гъæуй. Мæ фæндонмæ гæсгæ нæ – адæми фæндуй уотæ. Киунугæмæ ка нæ бахаудтæй, уæхæн æнæмухургонд æрмæг дæр ма берæ байзадæй æма уони дæр бафтаун гъæуй».

Лæг цардæй зæнхæбæл æма æ дуйней ихæс бафиста.

Рæсугъдæй, кадгинæй, æхебæл нæ ауæрдгæй.

Гецати Афæхъо æцæг лæги фæд ниууагъта æ дзиллитæн, æ бийнонтæн, æ ахил æма дзилагæн. Æ бæсти не 'хсæн абони уодæгас циртдзæвæнæй лæуунцæ е 'ртæ фурти, æ цардæмбал Настя, æ хъæболти хъæболтæ æма æ еунæг киунугæ. Цæрæнтæ фæрнæйдзаг цардæй, цæрæнтæ амондгунæй, сæ рохсæй макæд исфедуйæнтæ!


ГЕЦАТИ Афæхъо æма Настя сæ цæуæт æма уони кæстæрти хæццæ.

***ÆГЪУЗАРТИ Саукуй***

**Хонсар Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат, финсæг æма критик Хъодалати Зураби фурт Герсани райгурдбæл 15 октябри исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи (1938-2022).**

*За 1,5 месяца для участия в конкурсе «Это у нас семейное» уже подали заявки 60 тыс. семей (340 тыс. человек). Заявки принимают до 4 ноября. Задача: представить проект на тему важности семьи. Условие: команда из трех поколений (дети, родители, бабушки и дедушки), минимум один участник в возрасте до 17 лет. На кону призы в 5 млн руб. (на улучшение жилищных условий) и путешествия по самым прекрасным местам страны.*

## ЛÆГ ЛÆГИГЪÆДГУН УÆД ИСУЙ, ÆМА ГЪÆЙТТ-МАРДЗÆЙ КУ ФÆЙЙАРХАЙУЙ!..



# ДÆ БАКÆНУЙНАГМÆ МА ЗИЙНАДÆ КÆНÆ!..

*Еу хæдзари киндзæ косуни æгъдауæй æ къох дони дæр некæд ниттилдта: хæдзарæ не ’фснайдта, хуæруйнаг нæ кодта, сæумæй афойнадæбæл некæд исистадæй. Уæд хæдзари хестæртæ – зæронд лæг æма зæронд уосæ – исфæндæ кодтонцæ сæ киндзи бавзарун. Еубон тургъи гъæрæй хилæ кæнунцæ. Сæ хъаугъамæ нæуæг киндзæ уати къæразгæй ракастæй æма сæ фæрсуй:*

*– Цæбæл гъæр кæнетæ?*

*– Мæнæ нæ федауæн, нæ еу дæр «дон æз исдавдзæнæн» зæгъуй, нæ иннæ дæр «нæ, æз исдавдзæнæн» зæгъуй.*

*– Гъома, абони уæ еу исдавæд, исон ба – уæ иннæ, æндæр си æнæ хъаугъайæй хуасæ нæййес? – загъта киндзæ…*

*Аци хабар бакæсгæй, расагъæс кæнай: ду ба дæ аразуйнаг гъуддæгутæ дæхуæдæг æнхæст кæнис, æви еци киндзи хузæн дарис дæхе? Уой исбæлвурд кæнунæн дин, нæ зæрдæ дарæн, еуцæйбæрцæдæр кæд фæййагъаз уиуонцæ, мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дæр. Уонæбæл дзуапп лæвæрд гъæуама цæуа дууæ хузи: «о» кенæ «нæ». Дзуæппитæн ба (15-аг фарстабæл дзуаппæй уæлдай) аргъгонд цæуй: «о» – дзуаппæн 1 балл, «нæ»-бæл ба – «о», 15-аг фарстабæл ба: «о»-бæл – «о», «нæ»-бæл ба – 1 балл.*

**1.** Тар-талингæ уати ку райзайис, уæлдайдæр ба ма еунæгæй, уæд цæйбæрцæбæл дæ кеми фæууис?

**2.** Уотæ дæмæ кæсуй, æма дæбæл æгæр берæ ихæстæ æвæрд цæуй?

**3.** Дæ алливарс ка ес, етæ дæбæл ци гъуди кæнунцæ, уомæй дин ести игъаугидæр æй æви нæ?

**4.** Телефони æваст нидздзæнгæрæгмæ ахид фестъæлфис?

**5.** Уотид, нецæййаг листæг гъуддæгутæбæл мæтæгæнагæ дæ?

**6.** Де ’нæнездзийнадæбæл мæтæ кæнис?

**7.** Æхцабæл фæммæтæ кæнис?

**8.** Автобуси цæугæй дæ æрлæууæнбæл ку райевгъуйис, уæд уобæл фæгъгъенцъун кæнис?

**9.** Хуссунафони цæбæлдæрти ке фæссагъæс кæнис æма уой фудæй æнæхуссæг ку фæууис, е дæ уодхарæй маруй?

**10.** Хуссæги хуасæ дæ ахид багъæуй?

**11.** Дæхе унгæг уавæри ахид фенгъæлис?

**12.** Мæстгун ку фæккæнис, кенæ естæбæл ку фæттухсис, уæд дæ гъæлæсиуагæбæл тæфсæг бахуæцуй?

**13.** Ахид нифсæрми уис?

**14.** Ахид цæбæлдæрти ке фæммæтæ кæнис, уобæл басæттис?

**15.** Ахид фехæлуй дæ хуарз зæрдиуагæ?

**16.** Уæхæн уавæри ескæд бахауис, æма дæ фуртæссæй дæхе ци фæккæнай, уой нæбал фæззонис?

**17.** Ескæд дæмæ фæззиндтæй, дæ гъуддæгутæ ниггæлдзæ æма ескумæ дæхе райсæ, зæгъгæ, гъуди?

**18.** Уотæ дæр рауайуй, æма тухст уавæри ке бахаудтæ, уомæ гæсгæ дæ бауæр рафаста кенæ дæ æхсæн не ’скуста?

**19.** Гъæр кенæ унæр дæ хъæбæр ахид фæхъхъор кæнуй?

**20.** Дæ гъуддаг ку нæ фæрræстмæ уй, уæд дæ зæрдæн хъæбæр зин фæууй?

**21.** Æрбацæуæни дуар æхгæд æй æви нæ, уой ахид фæббæрæг кæнис ниххуссуни размæ?

**22.** Ести бабадт, кенæ иуазæгуати цæун дæ ку фæгъгъæуй, уæд уобæл хъæбæр фæттухсис?

**23.** Æнцонтæй ниссурх уй дæ цæсгон?

**24.** Æнæзонгæ адæми хæццæ базонгæ ун дæ зæрдæмæ цæуй?

### НУР БА БАЛЛТÆ БАНИМАЙÆН:

**20-30 баллей уæнгæ.** Дæ зæрдиуагæ æййевгæ ’й, ахид исирайуй дæ маст (рахæлборц уис). Кæсæ хуарз киунугутæ, игъосæ классикон музыкæмæ, – етæ хуарз агъаз æнцæ медбауæри æнцаддзийнадæ иссерунæн.

**10-20 баллей уæнгæ.** Ахид æрбамæстгун уис, фал æгæр ба нæ. Æма е тæссаг нæй.

**5-10 баллей уæнгæ:** Сабур, хебæлхуæцгæ дæ. Дæ фарсмæ ка фæууй, уонæн æнцон æй дæ хæццæ ун.

**5 баллемæй минкъийдæр:** Æгæр бæзцъарæ дæ, дæ зæрди æнкъарæнтæ гæрæнтæгонд æнцæ. Дæхе æнæнездзийнадæн е неци зæран хæссуй, фал дæ фарсмæ ка фæууй, уонæн ба? Уогæ ду уобæл нæ фæммæтæ кæнис!.. Æма Хуцауæй арази!

## И ЧТО ТОЛЬКО НЕ УСЛЫШИШЬ В ЭТОЙ ЖИЗНИ!..

Профессор говорит студенту:

– Поздравляю! Вы только что на «отлично» сдали испанский язык, но мы изучали французский.

– Простите, профессор, вчера ночью случайно не ту книжку с полки взял.

* * *

Извините, Ольга Петровна, а сколько вам лет?

– Мама говорит, что я выгляжу на тридцать пять!

– У вас еще мама жива?!

* * *

Что такое депрессия?

– Это когда покупаешь обруч, а он тебе как раз!




* * *

– У нас с мужем на завтра намечен внеочередной День примирения и согласия.

– Это как?

– Едем в магазин. Я примеряю, он соглашается!

* * *

Директор подчиненным:

– Ну чего вы все время жалуетесь, что у вас зарплата маленькая? Да она у вас сейчас на 50% больше.

– По сравнению с чем?

– По сравнению со следующим годом!

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Географион рауæнти нæмттæ финст кæбæл нæ фæуунцæ, еци географион картæ куд хонунцæ?**
**а)** Къуру. **б)** Къуæтти. **в)** Хъæрæу.

**2. «Скульптори алæмæти искурдиадæ имæ уогæй, æ рæстæг гъæуама ма цъæхуæл кæна киной æма театри архайунбæл!..» Уотæ зундгонд актертæй ке туххæй загъта номдзуд испайнаг хузæгæнæг Пабло Пикассо?**
**а)** Жерар Филип. **б)** Филипп Нуаре. **в)** Жан Маре.

**3. Цал гъазти рагъазун багъудæй Англий еугонд команди, цæмæй иссайдæ фиццаг олимпаг чемпион футболæй?**
**а)** Еу. **б)** Фондз. **в)** Дæс.

**4. Номдзуд аргентинаг футболист Диего Марадони къахбæл зундгонд дуйнеуон политиктæй ке сорæт хузæгонд адтæй?**
**а)** Фидель Кастро. **б)** Уго Чавес. **в)** Николас Мадуро.

**5. Советон кино æма театри номдзуд актриситæй ка загъта: «Алкæддæр мин æнæлæдæрд адтæй, адæм мæгурдзийнадæй ке ’фсæрми кæнунцæ æма гъæздугдзийнадæй ба ке не ’фсæрми кæнунцæ, е…»**
а) Фаина Раневская. б) Серафима Бирман. в) Любовь Орлова.

**6. Берæ рæстæгути циуавæр зайæгой Уæрæсей араztонцæ уотид федауцæн, æ рæзæ ба ин сауæнгæ марггунбæл дæр ма нимадтонцæ, худтонцæ сæ «æрра рæзæ». Нур ба сæ мах ба куд хонæн?**
а) Пъæмидор. б) Мæйболгæ. в) Хъæдорæ.

**7. Номдзуд уруссаг хузæгæнгутæй ке исконд æнцæ «Ирон гъæу зумæги», «Ирон Измаил», «Уосæ паддзах Тамари гæнахи кæлæдздзæгтæ Дариали коми» æма æндæр кавказаг хузтæ?**
а) Василий Верещагин. б) Орест Кипренский. в) Исаак Левитан.

**8. Иристони финсгутæй ка финста уотæ: «Искурдиадæгин ирон поэт, æмбесонди поэмæ «Æфхуæрдти Хæсанæ»-йи ниффинсæг, Къубалти Александр адтæй хъаурæгин, æргом æма хæларзæрдæ, оптимистон зæрдирахаст кæмæн адтæй, уæхæн адæймаг...»**
а) Къосирати Сæрмæт. б) Гулути Андрей. в) Коцойти Арсен.

* * *

**Раст дзуæппитæ 39-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Александр Фадеев. **2.** Александр Поляниченко. **3.** Плити Христофор. **4.** 1899 анзи. **5.** 1959-1961 æнзти. **6.** Николай Тихонов. **7.** Гутиати Хъазбег. **8.** 1959 анзи. **9.** 1964 анзи.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2298**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 20.10.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 20.10.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**